


Chè Paran/Responsab Legal Molly,

Rapò sa a se yon rezime pèfomans Molly nan Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) anndan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk li te pran nan prentan 2022. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Molly konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezilta Egzamen ELA ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Molly oswa dosye akademik pèmanan li.**

TRADIKSYON




<http://www.nysed.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-score-report-and-understanding-report-samples>

NÒT
MOLLY
ANE SA A



625
NIVO 4

NIVO PÈFÒMANS



MOLLY NAN NIVO ESTANDA ETA A

Estanda Aprantisaj Eta Nouyòk pou Lang ak Literati Anglè ak Alfabetizasyon dekri kisa Molly sipoze konnen ak kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwèn li fè nan seksyon Lekti ak nan seksyon Redaksyon an.



LEKTI

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- konprann ide presipal ak detay ki genyen nan tèks pou nivo klas yo epi rekonèt kijan detay yo kore devlopman entrig la;
- dekri an detay tout pèsonalite pèsonaj yo, epi fè rapò ant ide yo ak evènman yo;
- jwenn sans mo ak ekspresyon yo itilize nan tèks la epi konprann kijan tèks la òganize;
- dekri kijan yon pwennvi enfliyans deskripsyon evènman yo;
- entegre konesans ak ide yo fè pase nan tèks la gras a itilizasyon ilustrasyon ak koneksyon lojik ant diferan pati nan tèks la.


REDAKSYON


Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:


- fè deklarasyon epi kore yo avèk detay
- ekri sou pèsonaj yo epi dekri kijan yon pèsonaj asosye avèk lòt la nan tèks la;
- konpare epi opoze pwennvi ak tèm nan tèks yo;
- analize evènman yo ak aksyon yo nan yon tèks;
- detèmine efè lang sou aspè yon tèks epi dekri enpòtans eleman yo nan istwa a;
- montre yo konprann grasa pwodiksyon redaksyon lojik ki montre yo itilize gramè ak izaj anglè pou nivo klas yo.


Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Adaptasyon Seksyon 504 (Plan 504) ki endike pou yo li egzamen yo awotvwa ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP an/Plan 504 la.

KORE REYISIT MOLLY

 Kontakte pwofesè Molly epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Molly.

 Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Molly regilyèman.

 Si sa nesèsè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè pou yo kapab ede Molly reyisi pi byen.

 Gade travay Molly fè nan klas la ak devwa li fè lakay ansanm ak li pou wè kijan Molly ap fè pwogrè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, sou estanda Eta New York yo, ak fason ou kapab ede Molly, ale nan: <http://www.nysed.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-tests>